# 30-июнь сәнесинен баслап Нөкис қаласында қандай тәртип орнатылады?

**Алдын хабар етилгениндей, короновирус инпекциясының тарқалыўы себепли 2020-жылдың 30-июнь сәнесинен баслап Нөкис қаласы «Қызыл» категорияға киргизилди.**

Image not found or type unknown

Хош, 30-июнь сәнесинен баслап Нөкис қаласында қандай тәртип орнатылады?

2020-жылдың 30-июнь сәнесинен баслап төмендеги хызмет түрлериниң жумыс алып барыўы қадаған етиледи:

парклер ҳәм халықтың дем алыў бағлары (аттракцион ҳәм кеўил ашар объектлердиң жумысы буған кирмейди);

азық-аўқат емес өнимлериниң усақлап сатыў саўдасы менен шуғылланыўшы дүкәнлар, зергерлик ҳәм гүл дүкәнларының жумысы;

жөнелиссиз таксиде жолаўшыларды тасыў;

жәмийетлик транспорт ҳәрекети;

барлық түрдеги ғалабалық илажлар – концерт, театр, кинотеатр, музей, спорт илажлары, шаңарақлық илажлар, той, мереке ҳәм мәресимлер (жерлеў мәресимлери 10-15 адамнан көп болмаған жағдайлар буған кирмейди) ;

буйым базарларының жумысы;

шаштәрезхана ҳәм гоззаллық салонларының жумысы;

кеўилашар объектлер – түнги клублар, дискотека, ресторан, кафе, асхана, чайхана, спа ҳәм массаж салонлары, караоке, бильярд заллары, шылым (кальян) ҳәм компьютер ойынлары орайларының жумысы;

салқын ишимликлер саўдасының жумысы;

қадақланбаған музқаймақ саўдасының жумысы;

билимлендириў мәкемелери (бақша, мектеп, лицей, колледж, техникум, институт, университет ҳәм басқалар), оқыў курсларының жумысы;

мәмлекетлик органлар менен шөлкемлерде физикалық ҳәм юридикалық шахсларды қабыл етиў;

жеке-меншик бәнтлик агентликлериниң жумысы;

ашық жасалма қапламалы спорт объектлери;

компьютер (сканер, нусқа көшириў, текст териў, басып шығарыў) ҳәм полиграфия хызмети;

автотранспорт қураллары басқарыўшыларын таярлаў 8әм қайда таярлаў менен шуғылланыўшы мәкемелер;

спорт секциялары, дөгереклер, спорт залары ҳәм фитнес клублар жумысы;

индивидуал шуғылланыўшылар ушын тренажер залары ҳәм бассейнлердиң жумысы;

диний шөлкеслердиң жумысы.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Каналға ағза болыў - @QresMinistrlerKenesi